

# Kouvèti Medicare epi COVID-19

Sèvis orijinal Medicare kouvri ki gen rapò ak COVID-19 se :



## Tès COVID-19

Aprè madi 4 fevriye 2020, doktè ou a kapab voye bòdwo bay Medicare pou tès kowonaviris. Medicare kouvri premye tès kowonaviris ou fè san doktè a oubyen lòt founisè swen medikal kalifye fè rekòmandasyon pou tès la. Aprè w fè premye tès la, Medicare egzije pou doktè a ba w yon rekòmadasyon pou tout lòt tès kowonaviris ou fè apre. Ou pa p dwe anyen pou analiz laboratwa a epi pou tout konsiltasyon kay doktè ki an rapò avèk tès la (okenn dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman). Sa pou toulède Original Medicare epi Medicare Advantage Plan.

## Vaksen pou COVID-19

- Kòm vaksen COVID-19 yo deplizanpli disponib nan peyi a, pale avèk doktè a oubyen depatman sante piblik la pou w gen plis ransèyman si w admisib pou w resevwa vaksen an epi si l disponib nan katye kote w ap viv la. Gouvènman federal la peye frè vaksen yo pou tout moun, epi Original Medicare Part B kouvri frè administrasyon vaksen an bay benefisyè Medicare yo, kèkeswa si w gen swa Original Medicare oswa yon Medicare Advantage Plan.
- **Vini avèk kat Medicare wouj, blan, epi ble ou a lè w ale nan randevou vaksen ou an, menm si se Medicare Advantage Plan ou genyen.** Si w pa gen kat ou a avè k, moun k ap ba w vaksen an gendwa mande pou nimewo sekirite sosyal ou a pou yo chache wè enfòmasyon Medicare ou a.

## Tretman antikò COVID-19

Medicare kouvri antikò monoklonal pou tretman COVID-19. Ou pa p dwe anyen oumenm (dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman)

## Avantaj telesante ofri

Yon sèvis telesante se yon konsiltasyon konplè avèk doktè a ki fèt nan videyo. Diran ijans medikal piblik la, Medicare kouvri konsiltasyon nan lopital epi nan kabinè doktè, konsèy pou sante mantal, egzamen prevantif pou sante, epi lòt konsiltasyon nan telesante pou tout moun ki gen Medicare. Ou ka jwenn avantaj sa yo lakay ou oubyen nan etablisman ki founi swen medikal. Ou gendwa dwe nan pataj frè òdinè (tankou ko-asirans epi kopeman) pou sèvis sa yo, men kominike avèk doktè ou a pou l ba w plis enfòmasyon. Si w gen Medicare Advantage Plan, kominike avèk plan an pou w gen plis enfòmasyon sou pri epi kouvèti a.

## Renouvèlman preskripsyon

Si w vle renouvle preskripsyon ou yo anvan lè pou w gen medikaman siplemantè soulamen, kominike tanpri avèk plan medikaman Part D a. Plan ou an dwe pou l retire restriksyon ki anpeche w renouvle pifò nan medikaman yo anvan lè.

Medicare Advantage Plan dwe kouvri tout sa Original Medicare kouvri, men yo ka gen diferan pri epi diferan restriksyon.

## **Kijan pou jwenn swen diran yon ijans medikal piblik.**

Diran yon ijans medikal piblik, plan Medicare Advantage epi Part D dwe pou yo fonksyone pou mentni aksè nan sèvis swen medikal epi preskripsyon medikaman.

### **Medicare Advantage Plan dwe pou yo :**

- Pèmèt ou resevwa sèvis swen medikal nan kabinè doktè, gwo lopital, epi lòt etablisman ki andeyò rezo a.
- Chanjman nan montan frè ou peye oumenm pou sèvis ou resevwa nan rezo a epi andeyò rezo a.
- Renonse kondisyon pou referans
- Sispann règleman ki egzije ou avèti plan an anvan w resevwa sèten kalite swen oubyen preskripsyon medikaman, si w pa kominike avèk plan an alavans frè yo gendwa ogmante epi gendwa gen limit pou w jwenn swen an.

### **Part D plan yo dwe :**

- Kouvri fòmilè medikaman Part D nan famasi andeyò rezo a.
  - Plan Part D dwe fè sa lè w pa ka jwenn kouvèti medikaman Part D nan famasi ki nan rezo a.
- Kouvri kantite maksimòm nan renouvelman w lan lè w fè demann pou sa.

**Kominike avèk State Health Insurance Assistance Program (SHIP)** si w bezwen yo ede w konprann kisa Medicare kouvri epi kijan pou w jwenn swen yo.

<b>Kijan pou jwenn SHIP ou a</b>
<b>Nimewo telefòn gratis : 877-839-2675</b> (Lè yo mande pou rezon koufil ou a, annik di : « Medicare ».)
<b>Pou lokalize SHIP sou entènèt la : <a href="http://www.shiphelp.org">www.shiphelp.org</a></b> (Klike sou bouton jòn abriko a ki rele « wenn èd lokal pou Medicare » oubyen « Jwenn SHIP ».)

*Dokiman sa a soutni, an pati, pa nimewo sibvansyon 90SATC0002 nan U.S. Administration for Community Living, Department of Health and Human Services, Washington, D.C. 20201. Nou ankouraje benefisyè ki antreprann pwojè sou parennaj gouvènman an di ak tout libète sa yo konstate epi tou sa yo konkli. Pwennvi oubyen opinyon yo pa nesèsman reprezante politik ofisyèl Administration for Community Living.*